

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Métodeu panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah anu ngaruntuy tur logis ngeunaan cara néangan data nu patali jeung hiji masalah pikeun diolah tur dianalisis. Satuluyna éta data téh baris dicindekkeun kalawan ditéangan cara ngungkulana. Sugiyono (2022, kc. 2) nétélakeun yén métodeu panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan tujuan jeung mangpaat anu tangtu. Data anu dicangkingna mangrupa data *empiris* nu miboga kritéria anu tangtu, nyaéta *valid*.

Dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu panalungtikan filologi. Nurutkeun Ruhaliah (2020a, kc. 244-259), métodeu anu dipaké dina panalungtikan filologi aya dua rupa, nyaéta (1) métodeu ngumpulkeun data jeung (2) métodeu suntingan téks.

1) Métodeu ngumpulkeun data

Ieu tahap mangrupa léngkah-léngkah anu dipilampah sangkan nyangking naskah anu rék ditalungtik. Dina Ruhaliah (2020a, kc. 244-258) dijéntrékeun aya tilu cara nu bisa dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nyaéta studi pustaka, studi lapangan, jeung wawancara.

- a. Studi pustaka dilakukeun ku cara macaan rupa-rupa katalog jeung hasil panalungtikan nu aya patalina jeung naskah.
- b. Studi lapangan dilakukeun pikeun néangan naskah ku cara maluruh ka masarakat, musieum, jeung koléksi séjénna.
- c. Wawancara dilakukeun pikeun ngumpulkeun informasi ti nu boga naskah ngeunaan naskah nu rék ditalungtik.

2) Métodeu suntingan téks/édisi téks/kritik téks

Métodeu atawa cara pikeun nangtukeun suntingan téks (édisi téks) téh aya dua rupa, ditangtukeun dumasar kana jumlah naskah nu ditalungtikna, nyaéta naskah tunggal jeung naskah jamak (Ruhaliah, 2020a, kc. 258). Lantaran dina ieu panalungtikan ngagunakeun leuwih ti hiji naskah, di dieu panalungtik ngagunakeun métodeu édisi naskah jamak kalawan édisi landasan.


Baried spk. (1994, kc. 67) nétélakeun yén métodeu landasan bisa digunakeun saupama nurutkeun tafsiran aya hiji atawa sakelompok naskah anu leuwih punjur kualitasna dibandingkeun naskah-naskah séjén tina jihat basa, kasastraan, sajarah, jsb., nepi ka bisa disebut salaku naskah anu panglobana ngandung bacaan nu hadé. Ku kituna, éta naskah dianggap panghadéna pikeun dijadikeun landasan atawa induk téks pikeun édisi. *Varian-varian* anu aya ngan dipaké pikeun ngalengkepan téks sarta ditulis dina aparat kritik, nyaéta parabot *pembanding* anu marengan prosés salinan naskah.

Di sagigireun éta hal, dina nyusun laporan hasil panalungtikanana (skripsi) digunakeun métodeu déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Arikunto (2014, kc. 3) nétélakeun yén panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dilakukeun pikeun maluruh kaayaan, kajadian, kagiatan, jsté., anu hasilna dipidangkeun dina wangun laporan panalungtikan. Ieu métodeu déskriptif méré gambaran sacara sistematis, sarta digunakeun pikeun ngadéskripsikeun masalah anu karandapan.

Métodeu panalungtikan kualitatif mindeng disebut métodeu panalungtikan *naturalistik*, lantaran panalungtikanana dilakukeun dina kaayaan nu alamiah (*natural setting*). Disebut métodeu kualitatif sotéh, lantaran data anu dikumpulkeun jeung analisisna miboga sipat nu leuwih kualitatif (Sugiyono, 2022, kc. 8). Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 21), saupama panalungtikanana ngagunakeun métodeu déskriptif kualitatif, anu dimaksud kualitatif téh nya éta datana. Data kualitatif nyaéta data anu diwujudkeun dina wangun kecap kaayaan atawa kecap sipat minangka lajuning laku tina kualitasna.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 90), saacan panalungtik ngamimitian kagiatanana, mangka kudu dimimitian ku nyieun rarancang leuwih ti heula. Éta rarancang téh dingaranan désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyaéta rarancang anu dijieun ku panalungtik pikeun dijadikeun patokan dina panalungtikan anu baris dilakukeun. Sangkan panalungtikan bisa tetep aya dina galurna jeung henteu méngpar jauh tina udaganana, mangka perlu dijieun désain panalungtikan. Ieu hal ogé bisa ngabantu dina pagawéan nalika ngalaksanakeun panalungtikan. Désain dina ieu panalungtikan kagambar saperti dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana data bisa dicangking. Sumber data kabagi jadi tilu “p” dina basa Inggris, nyaéta *person* (sumber data mangrupa jalma), *place* (sumber data mangrupa tempat), jeung *paper* (sumber data mangrupa simbol) (Arikunto, 2014, kc. 172). Dina ieu panalungtikan sumber datana kaasup kana *person*, nyaéta maluruh déskripsi naskah ka nu boga naskahna langsung; jeung *paper*, nyaéta sumber datana midangkeun tanda-tanda mangrupa aksara, angka, gambar, jeung simbol-simbol séjén, anu aya dina naskahna.

Aya salapan naskah anu judulna béda-béda tapi eusina méh sarua jeung WPP. Ku kituna, dina ieu panalungtikan bisa dilakukeun babandingan téks naskah leuwih ti heula. Dina Baried spk. (1994, kc. 68), disebutkeun yén naskah-naskah anu dibandingkeun kudu dingaranan ngagunakeun aksara kapital Latén: A, B, C, jst.

Runtuyanana diluyukeun dumasar kana sababaraha tinimbangan, di dieu panalungtik méré ngaran dumasar kana: (1) kalungguhan data naskah dina ieu panalungtikan (sumber primér atawa sekundér), (2) umur naskah anu pangkolotna, sarta (3) lengkep henteuna eusi jeung data naskahna. Ku kituna, naskah-naskah anu dipaké sumber data dina ieu panalungtikan dingaranan Naskah: A, B, C, D, E, F, G, H, jeung I, sakumaha anu geus dipedar dina bab II ulikan pustaka.

Anapon sumber data dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta sumber data primér jeung sekundér.

3.2.1 Sumber Data Primér

Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta dua naskah hasil tina studi lapangan ka koléktor naskah jeung nu boga naskahna.

- 1) Naskah A nyaéta naskah koléksi Chandra Purnama Komara. Ieu naskah téh ceuk nu bogana mah judulna *Lalampahan Raja Wawangkara*, tapi sabada dipaluruh ku panalungtik, eusina nyaritakeun lalakon Radén Pulan jeung Radén Palin. Jumlahna aya 86 kaca (kaasup sampul hareup jeung tukang) sarta jumlah jajar dina unggal kacana aya 12 jajar.
- 2) Naskah B nyaéta naskah koléksi Chandra Purnama Komara ogé. Ieu naskah téh teu lengkep, aya sababaraha kaca anu leungit, ngan ukur kapanggih 51 kaca. Jumlah jajar dina unggal kacana aya 12 jajar.
- 3) Nu boga naskah A jeung B, nyaéta Chandra Purnama Komara, anu dumukna di Kampung Néglasari, RT/RW 02/04, Désa Ciwidéy, Kacamatan Ciwidéy, Kabupaten Bandung. Data anu dicangkingna nyaéta déskripsi ngeunaan naskahna.

3.2.2 Sumber Data Sekundér

Sumber data sekundér dina ieu panalungtikan nyaéta naskah-naskah WPP anu kapanggih tina sababaraha katalog, datana pikeun ngeuyeuban dina déskripsi jeung nyusun silsilah naskah. Anapon sumber datana ieu di handap.

- 1) Naskah C nyaéta naskah koléksi Perpustakaan Nasional Républik Indonésia kalawan judul *Wawacan Pulan Palin* (NB 393). Jumlahna aya 87 kaca sarta jumlah jajar dina unggal kacana aya 14 jajar. Data anu dipaké nyaéta hasil transliterasi ieu naskah WPP tina Fahrizal (2024, kc. 20-158). Éta data téh mangrupa hasil ngaropéa tina Azhar (2023, kc. 17-73);

- 2) Naskah D nyaéta *Wawacan Polan-Palin* (2/Ms.74/Inv.E.F.E.O.-Bandung no.725) dina Tessier & Ambari (1991, kc. 279-281);
- 3) Naskah E nyaéta *Carita Pulan Palin* (EFEO/KBN-444) dina Ékadjati & Darsa (1999, kc. 494) anu sarua jeung *Wawacan Pulan Palin* (42/KBN 444/Inv.EFEO-Bandung no.725) dina Tessier & Ambari (1991, kc. 1101-1105);
- 4) Naskah F nyaéta *Pulan Palin* dina Ékadjati spk. (1983, kc. 102-104) anu sarua jeung *Pulan Palin* dina Ékadjati (1983, kc. 419);
- 5) Naskah G nyaéta *Cerita Suluk Sunda* (EFEO/KBN-402) dina Ékadjati & Darsa (1999, kc. 488-489);
- 6) Naskah H nyaéta *Carita Suluk* (EFEO/KBN-488) dina Ékadjati & Darsa (1999, kc. 504-505) anu sarua jeung *Wawacan Pulan Palin* (3/KBN 488b) dina Tessier & Ambari (1991, kc. 409); jeung
- 7) Naskah I nyaéta *Pulan-Palin* (YR 27) dina Ékadjati (1983, kc. 419).

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu penting dina panalungtikan. Lantaran tujuan utama tina panalungtikan nyaéta pikeun nyangking data atau informasi. Saupama teu apal kana téknik ngumpulkeun data, mangka data anu dicangking ku panalungtik moal bisa nyumponan kana standar data anu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2022, kc. 224).

Ku kituna, sangkan data anu dicangking nyumponan kana standar anu geus ditangtukeun, dina ieu panalungtikan digunakeun sababaraha téknik pikeun ngumpulkeun datana, nyaéta téknik studi pustaka, studi lapangan, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon pertélaanana dijéntrékeun ieu di handap.

3.3.1 Téknik Studi Pustaka

Téknik studi pustaka dilakukeun ku cara macaan rupa-rupa katalog jeung hasil panalungtikan nu aya patalina jeung naskah Sunda. Di dieu panalungtik macaan sababaraha katalog naskah-naskah kuna boh dina wangun dokumén sacara fisik boh sacara *daring* dina internét.

3.3.2 Téknik Studi Lapangan

Téknik studi lapangan dilakukeun pikeun néangan naskah ku cara maluruh ka masarakat, musieum, jeung koléksi séjénna. Di dieu panalungtik maluruh ka nu boga naskahna sacara langsung, nyaéta Chandra Purnama Komara, tur meunang dua naskah anu judulna Lalampahan Raja Wawangkara.

3.3.3 Téknik Wawancara

Téknik wawancara dilakukeun pikeun ngumpulkeun informasi ti nu boga naskah ngeunaan naskah nu rék ditalungtik.

3.3.4 Téknik Dokuméntasi

Téknik dokuméntasi dilakukeun pikeun medar eusi naskah, carana bisa dipoto, ditulis, atawa di-*scan*.

3.4 Téknik Ngolah Data

Sabada data geus kakumpulkeun, perlu dilakukeun heula prosés dokuméntasi kana sumber datana. Wangun fisik naskah nu aslina di-*scan* ngagunakeun *camscanner* pikeun dijadikeun wangun *softfile PDF* sangkan henteu leungit sarta ruksak balas ku lila teuing. Salian ti éta, naskah aslina di-*scan* téh sangkan babari dina maluruh jeung ngolah datana. Satuluyna, éta data diolah ngagunakeun téknik analisis unsur sacara langsung. Anapon tata cara nganalisisna saperti ieu di handap.

3.4.1 Nyusun Déskripsi Naskah WPP

Dina ngadéskripsikeun naskahna ngagunakeun métodeu déskriptif jeung komparatif. Sakabéh naskah anu kapanggih didéskripsikeun salengkep-lengkepna. Dina Koswara & Permana (2019, kc. 29) disebutkeun yén idéntifikasi naskah téh ngawengku sababaraha hal, di antarana ngeunaan idéntitas (raratan) naskah jeung waruga naskah.

Idéntitas (raratan) naskah ngawengku: (1) judul naskah, (2) anu ngarang naskah, (3) anu nyalin naskah, (4) anu boga naskah, (5) asal-usul naskah (warisan, titipan, nginjeum, meuli, paméré), jeung (6) fungsi naskah (banda pusaka, karamat, dianggap sakral/ritual, dokumén/arsip). Sedengkeun waruga naskah ngawengku: (1) ukuran naskah, (2) *ruang tulis*, (3) kaayaan naskah, (4) jumlah kaca, (5) jumlah jajar per kaca, (6) basa, (7) aksara, (8) ukuran aksara, (9) wangun aksara, (10) *alat tulis*, (11) tapak *alat tulis*, (12) rubrik, (13) warna mangsi, (14) warna keretas, (15)

jenis keretas, (16) kaayaan tulisan, (17) cap keretas (*watermark*), jeung (18) wangun karangan (Koswara & Permana, 2019, kc. 29).

3.4.2 Nyusun Transliterasi Naskah WPP

Dina ieu léngkah, hasil tina transliterasi naskah A jeung naskah B, disusun saujratna atawa luyu jeung dina téks aslina, euweuh anu dirobah. Sabab, dumasar kana padoman, transliterasi kudu niténan ciri-ciri téks asli sapanjang éta hal bisa dilaksanakeun lantaran tafsiran téks anu boga tanggung jawab bisa mantuan anu maca dina maham eusi téks (Baried spk., 1994, kc. 65). Sedengkeun hasil transliterasi naskah C datana dicangking tina Fahrizal (2024, kc. 20-158). Éta data téh mangrupa hasil ngaropéa tina Azhar (2023, kc. 17-73).

Dina nyusun transliterasi, panalungtik dibantuan ku salasaurang panalungtik ogé, nyaéta Firmansyah Muftian Khafidz, anu sarua baris nalungtik ieu naskah WPP kalawan ngagunakeun ulikan filologi. Bédana, anu ditalungtikna ngan ukur sanaskah (naskah A) jeung dina panalungtikanana ngagunakeun pamarekan struktural sarta maluruh ajén tasaup anu aya dina eusi téks naskahna. Jadi, sanajan objék naskah jeung ulikanana sarua, tapi pamarekan jeung métode anu digunakeunana mah bédha.

3.4.3 Nganalisis Babandingan Téks Naskah WPP

Léngkah satulunya nyaéta nganalisis babandingan téks ngagunakeun métodeu édisi naskah jamak kalawan édisi *landasan*. Djamaris (dina Ruhaliah, 2019, kc. 19) nétélakeun yén babandingan téks naskah ngawengku: (1) kecap per kecap pikeun ngoméan kecap anu teu cocog atawa teu kabaca, (2) susunan kalimah atawa gaya basa pikeun nyusun kelompok carita dina sababaraha *versi* sarta pikeun nyangking carita anu basana lancar jeung jéntré, (3) eusi carita pikeun nyangking naskah anu eusina lengkep sarta pikeun mikanyaho ayana unsur-unsur anu anyar dina éta naskah. Dina ieu panalungtikan, anu dibandingkeunana nyaéta babandingan:

- a. unsur carita tina jihat galur, tokoh, jeung latar;
- b. digunakeunana pupuh; sarta
- c. kasalahan dina nyalin naskah anu ngawengku *lakuna*, *ditografi*, *adisi*, *transposisi*, *substitusi*, *omisi*, *haplografi*, jeung kasalahan *nonmekanis* (dihaja).

Dumasar kana hasil babandingan téks naskah, mangka baris dicangking hiji téks naskah pikeun dijadikeun dadasar (landasan) dina nyusun édisi téks.

3.4.4 Nyusun Stéma (Silsilah Naskah)

Dina ieu léngkah, panalungtik nyusun stéma atawa silsilah naskah sacara basajan kalawan ngagunakeun métodeu objéktif. Nurutkeun Ruhaliah (2020a, kc. 258), métodeu objéktif digunakeun saupama naskahna leuwih ti hiji jeung kasalahan-kasalahanana loba nu sarua, nya éta naskah téh dianggap sumber salinanana sarua. Satuluyna disusun silsilah naskahna (stéma), ilaharna dina wangun bagan.

3.4.5 Nangtukeun Naskah anu Baris Disunting

Dina ieu léngkah digunakeun métodeu objéktif. Sipat-sipat husus tina unggal naskah anu geus dibandingkeun téa dipaluruh sacara gemet jeung sistematis, satuluyna dipilih naskah anu panghadéna pikeun dijadikeun dadasar (*landasan*) dina suntingan (édisi) téks.

3.4.6 Nyusun Édisi Téks Naskah WPP

Dina ieu panalungtikan, naskah anu ditalungtikna leuwih ti hiji, kualitas unggal naskahna dianggap béda-béda jeung aya anu dianggap leuwih punjur, nya éta naskah A. Ku kituna, dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu édisi téks jamak kalawan édisi *landasan*. Naskah anu dianggap panghadéna dijadikeun dadasar (induk/*landasan*) pikeun nyusun édisi, sedengkeun naskah nu séjéenna digunakeun pikeun ngalengkepan téks sarta keteranganana ditulis dina aparat kritik.

3.4.7 Nyusun Aparat Kritik

Sanggeus disusun édisi téks, léngkah satuluyna nyaéta nyusun catetan tina sakabéh nomer catetan anu aya dina édisi téks kana aparat kritik anu ditarung ku pertélaan ngeunaan alesan pamakéan éta tanda-tanda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Di sagigireun kualitas ngumpulkeun data, kualitas instrumén panalungtikan ogé mangaruhan kana kualitas hasil panalungtikan (Sugiyono, 2022, kc. 222). Ku kituna, sangkan hasil panalungtikanana miboga kualitas anu hadé, panalungtik ngagunakeun dua instrumén panalungtikan, nyaéta padoman wawancara jeung tabél analisis. Padoman wawancara digunakeun pikeun maluruh raratan naskah ngaliwatan wawancara ka nu boga naskah, sedengkeun tabél analisis digunakeun pikeun maluruh data nu aya dina naskah.

3.5.1 Padoman Wawancara

Sangkan wawancara tetep aya dina galur, henteu méngpar ka mana waé. Ieu di handap mangrupa padoman anu digunakeun nalika lumangsungna wawancara.

Tabél 3.1
Padoman Wawancara

No.	Raratan Naskah
1. Judul Naskah	
a.	Nurutkeun anu boga naskah: ...
b.	Nurutkeun anu katulis dina naskah: ...
c.	Nurutkeun masarakat: ...
2. Anu Ngarang Naskah	
a.	Wasta: ...
b.	Umur: ...
c.	Pakasaban: ...
d.	Padumukan: ...
e.	Kalungguhan: ...
3. Anu Boga Naskah	
a.	Wasta: ...
b.	Umur: ...
c.	Pakasaban: ...
d.	Padumukan: ...
e.	Kalungguhan: ...
4. Asal-usul Naskah: ...	
5. Fungsi Naskah	
a.	Baheula: ...
b.	Ayeuna: ...
6. Alat Tulis	
a.	Jenis alat tulis: ...
b.	Mangsi: ...

3.5.2 Tabél Analisis

Tabél analisis digunakeun pikeun ngabantu dina ngaguar babandingan téks, nyusun édisi téks, jeung nyusun aparat kritikna. Anapon padoman tabél analisis anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Padoman Analisis Unsur Carita

No.	Unsur Carita	Naskah		
		A	B	C
1.				
2.				
3.				
jst.				

Keterangan:

- 1) Unsur Carita : Runtulan unsur-unsur carita tina naskah WPP tina jihat galur, tokoh, jeung latar
- 2) Naskah A, B, jeung C : Ngaran-ngaran naskah anu geus ditangtukeun, dieusi ku keterangan aya-henteuna unsur carita anu disebutkeun dina unggal naskahna

Tabél 3.3
Padoman Analisis Digunakeunana pupuh

No.	Naskah A		Naskah B		Naskah C	
	Pupuh	Jml.	Pupuh	Jml.	Pupuh	Jml.
1.						
2.						
3.						
jst.						
Tot.						

Keterangan:

- 1) Naskah A, B, C : Ngaran naskah anu geus ditangtukeun
- 2) Pupuh : Ngaran-ngaran pupuh anu aya dina unggal naskah, ditulis ngaruntuy ka handap
- 3) Jml. : Jumlah pada tina unggal pupuhna
- 4) Tot. : Jumlah sakabéh pada dina unggal naskah

Tabél 3.4
Padoman Analisis Kasalahan Salinan Naskah WPP

No. Urut	Naskah	Téks tina Naskah	Kasalahan	No. Pada Édisi	No. Ap. Kritik
1	A B C Édisi				
2	A B C Édisi				
3	A B C Édisi				

Keterangan:

- 1) Naskah A, B, C : Ngaran naskah anu geus ditangtukeun
- 2) Édisi : Téks anu dipaké dina édisi
- 3) Téks tina Naskah : Sempalan téks naskah anu aya kasalahan
- 4) Kasalahan : Kasalahan dina nyalin naskah nu ngawengku:
a. Lk : *Lakuna*

- b. Dt : *Ditografi*
 - c. Ad : *Adisi*
 - d. Tp : *Transposisi*
 - e. Sb : *Substitusi*
 - f. Om : *Omisi*
 - g. Hp : *Haplografi*
 - h. Nm : *Nonmekanis* (dihaja)
- 5) No. Pada Édisi : Nomer pada tina sempalan téks anu aya kasalahan
- 6) No. Ap. Kritik : Nomer aparat kritik dina téks édisi